

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Unggal panalungtikan tangtuna kudu aya objék anu jadi sumber panalungtikan. Dumasar kana judul panalungtikan, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta transkrip paguneman tina hasil rékaman siaran TV Béntang Parahyangan (Bénpar) édisi Oktober 2013.

3.2 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan tangtuna dipikabutuh dina panalungtikan sangkan léngkah-léngkah panalungtikan bisa kasusun sacara sistematis jeung sangkan prosés panalungtikan bisa leuwih gampang

Desain panalungtikan nyaéta prosés anu dirancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) Nangtukeun masalah, (2) Studi pendahuluan, (3) Ngawetasanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) Nangtukeun sumber data, (6) Nangtukeun jeung nyusun instrument, (7) Ngumpulkeun data, (8) Analisis data, (9) Nyieun Kacindekan, (10) Nyusun laporan. (Arikunto, 2010, kc. 22-23).

Dumasar Léngkah-léngkah panalungtikan anu sakumaha ditétélakeun ku Arikunto di luhur, panalungtik ngagambarkeun desain panalungtikan sangkan panalungtikan lumangsung sacara *sistematis*, nyaéta dimimitian ku ngarekam siaran Bénpar Bandung TV maké alat rékam, rekaman ditranskripkeun sangkan jadi wangun tinulis, gejala CK anu muncul dituliskeun dina kartu data, ngaklasifikasikeun

data CK dumasar wanda jeung wujud CK, data CK diolah jeung dianalisis, data CK anu geus diolah tuluy didéskrripsikeun, jeung nyieun kacindekan.

Sangkan leuwih jéntré titénan ieu bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta méthode deskriptif, ieu méthode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta tur sipat-sipat campur kode utamana wujud campur kode jeung wanda campur kode nu aya dina siaran TV Béntang Parahyanagan sacara faktual, sistematis tur akurat.

Ngaliwatan ieu méthode, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

3.4 Wangenan Operasional

Judul tina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan oprasional ieu di handap, pikeun nyingkahan ayana salah tafsir ti pamaca.

a. Campur Kodé

Campur kodé dina ieu panalungtikan nyaéta campur kode tina basa Indonesia atawa basa séjénna kana basa Sunda dina paguneman anu aya dina siaran televisi.

b. Béntang Parahyanagan

Béntang parahyanagan (Bénpar) nyaéta salasihiji program siaran televisi Bandung TV dina saluran 38 UHF, acarana dikawitan tabuh 14.30 dugi ka 16.00, acarana midangkeun lagu-lagu sunda jeung méré informasi ngeunaan seniman jeung budayawan Sunda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen mangrupa salasihiji komponén penting dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho kumaha lumangsungna campur kode dina siaran televisi Béntang

Parahyangan. Ku kituna, instrumen anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta alat rekam jeung kartu data. Alat rekam dipaké pikeun ngarekam paguneman anu aya dina éta siaran televisi, kartu data dipaké pikeun klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya nomer /kode data, periode data, rekaman ka-, baris ka-, prosés campur kode, conto kalimat.

Nomer/Kode data :

Rekaman ka :

Kalimah ka :

Prosés Campur Kode :

Wanda CK :

Wujud CK :

Wangun Kalimah :

Nomer/Kode data : 114 (R1/2.84

Rekaman ka : 1

Kalimah ka : 84

Prosés Campur Kode : Mantap

Wanda CK : CK ka jero

Wujud CK : Kecap

Wangun Kalimah : Mantap salajengna nomer genep belas

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téknik sadap rekam, mangrupa ngarekam siaran televisi Béntang Parahyangan unggal poé Rebo tabuh 14.30-16.00 WIB édisi bulan Oktober.

3.7 Téknik Ngolah data

Sanggeus data anu diperlukeun pikeun panalungtikan kakumpulkeun, tuluy diolah piken didéskrripsikeun. Éta data diolah ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap:

- a. Hasil rekaman ditranskrip pikeun mindahkeun data anu asalna wangun rekaman jadi wangun tinulis.
- b. Nyalin omongan (kalimah) kana kartu data, dibéré katerangan jeung kode anu tangtu.
- c. Kartu data disusun sacara alfabetis.
- d. Hasil transkrip dianalisis tur diklasifikasikeun dumasar kana wanda jeung wujud campur kode.
- e. Ngadéskrripsikeun tina data anu geus diolah dina wangun présentase.
- f. Nafsirkeun campur kode.